# Өзбекстан гүзары бойындағы 39 көп қабатлы турақ жайлар реконструкциядан шығарылады

Image not found or type unknown

Мәмлекетимиз басшысының Қарақалпақстан республикасындағы бар болған машқалаларды тез пурсатта сапластырыў бағдарындағы көрсетпесине муўапық Нөкис қаласы ҳәм барлық районларға тийисли министрлик ҳәм мәкемелердиң басшылары сондай-ақ, банклер бириктирилди. Ҳәзирги ўақытта бириктирилген министрлик пенен банклер биргеликте жумысларды баслап жиберди.

Атап айтқанда, Нөкис қаласына Ташкент қаласы ҳәкими ҳәм “Асака” акционерлик коммерциялық банки бириктирилиб, жойбарлардың презинтациясы ислеп шығылды. Бул Өзбекстан гүзары бойындағы 39 көп қабатлы турақ жайларды заманагөй талаплар тийкарында реновациядан шығарыў, 3,7 км. узынлықтағы көшелер бойында пиядалар ҳәм велосипед жолын қурыў сыяқлы жойбарларды өз ишине алады.

Социаллық-экономикалық жақтан раўажланыў дәрежеси төмен болған Тахтакўпир, Бозатаў ҳәм Шоманай районларында жәми 409 млрд. сум муғдарындағы қурылыс-оңлаў ҳәм абаданластырыў жумыслары әмелге асырылады.

ҚР Министрлер Кеңеси Мәлимлеме хызмети